To Build A Village

MENTORING HAITIAN-LED LAND RESTORATION EFFORTS IN HAITI

GID POU RAPE LAM VERITAB





BYENVINI

Felisitasyon! Kominote w la se **youn nan sèt kominote** ki te chwazi pou resevwa yon nouvo rap lam veritab. Kado sa a pral ede fanmi yo sèvi ak plis lam veritab, amelyore sekirite alimantè, epi touche plis revni. Rap sa a pa pou yon òganizasyon; li se pou kominote w la. Si tout moun travay ansanm pou pran swen li epi sèvi avè l avèk sajès, li kapab sèvi anpil fanmi pandan anpil ane.

Se poutèt sa, lajan yo ranmase lè moun sèvi ak rap la se yon resous pou kominote a. Lè kominote a jere lajan sa a avèk prekosyon, li kapab ede peye antretyen ak reparasyon, sipòte responsab ki sou plas yo, achte materyèl ki nesesè, epi mete lajan sou kote pou ekipman nan lavni, tankou lòt rap pou lam veritab.

Enfòmasyon ki nan ti liv sa a ap ede w:

- Kenbe rap la pwòp epi an bon eta
- Sèvi ak rap la san danje
- Ekri kiyès ki sèvi ak rap la ak konbyen lam veritab yo prepare
- Kenbe dosye sou lajan yo ranmase ak lajan yo depanse
- Montre kijan rap la ap ede fanmi yo

Dosye sa yo enpòtan. Yo pral ede kominote w la pran bon swen kado sa a. Yo pral ede tou To Build A Village pataje istwa kominote w la ak sipòtè ki rann pwojè tankou sa a posib.



POU SIPÒTE W

Nou kreye yon gwoup prive sou Facebook kote Kowòdonatè Kominotè yo, Responsab Rap ki sou plas yo, ak lidè pwojè yo kapab aprann youn nan men lòt epi grandi ansanm.

Se yon kote pou:

- Pataje foto ak istwa siksè
- Poze kesyon epi rezoud pwoblèm ansanm
- Pataje resèt ak lide sou fason pou itilize lam veritab
- Aprann bon fason pou itilize ak pran swen sit la
- Ankouraje youn lòt epi selebre reyalizasyon kominote yo
- Ede ranfòse sekirite alimantè nan kominote riral yo
- Kreye nouvo opòtinite pou fanmi riral yo an Ayiti

Tanpri pataje omwen yon foto, yon videyo, oswa yon mizajou chak mwa pou nou ka selebre pwogrè kominote w la.

N ap voye yon envitasyon ba ou pou antre nan gwoup lidèchip sa a apre ou fin pataje pwofil pèsonèl Facebook ou avèk nou.

To Build A Village
MENTORING HAITIAN-LED LAND RESTORATION EFFORTS IN HAITI



LIS VERIFIKASYON POU PREPARASYON

Ekipman

□ Rap lam veritab endistriyèl ak manyèl, itilizasyon li

□ Lubrifyan ki fèt pou itilizasyon alimantè (pa sèvi ak lwil legim - li ka vin kole)

Inite sa a fèt pou bezwen sèlman kèk zouti pou itilizasyon ak antretyen regilye. Pifò pati yo ka retire avèk vis ki ka vire ak dwèt oswa pyès ki sere ak men.

Peze ak Mezire

□ Balans dijital platfòm (an kilogram) avèk pwa kalibrasyon apa

□ Oswa, yon sistèm senp ak sak oswa panyen pou detèmine pwa yo genyen

Kenbe Manje

□ Bokit ki fèt pou manje oswa bon bòl asye (pou lam veritab ki fèk koupe)

□ Gwo basen pou lave lam veritab **ak** yon zòn apa pou lave men

□ Zòn pou koupe ki pwòp ak yon kouto rezèv (fanmi yo dwe pote pwòp kouto pa yo)

Materyèl Netwayaj

□ Savon pou lave veso, savon pou men, ak twal pou netwaye

□ Sèvyèt pwòp

□ Etajè pou seche

□ Resipyan pou fatra

Sekirite

□ Bwat pou premye swen

□ Kouvèti pou cheve oswa tabliye (si sa nesesè)

Biznis ak Jan Pou Kenbe Dosye

□ Twa klasè (youn pou fòm vid yo, youn pou dosye aktif fanmi yo, epi youn pou rejis aktif ak fòm vid pou resi lajan chak jou)

□ Paj dosye fanmi (devan ak dèyè) ak separasyon alfabetik

□ Paj rejis resi lajan chak jou (devan ak dèyè)

□ Paj rapò chak semèn

□ Paj rapò chak mwa

□ Paj pou dosye antretyen

□ Paj rapò ensidan

□ Kamera oswa telefòn ki gen bon kalite pou pran foto

□ Plim (pa sèvi ak kreyon)

□ Kalkilatris (si nesesè)

Jesyon Lajan

□ Bwat lajan ki ka fèmen ak kle

□ Sak oswa anvlòp pou transfè lajan

NÒT: Pou kounye a, yo pa bezwen fèy pou konte lajan ni lajan pou demare bwat lajan an

Depo

□ Bwat dokiman ki pa kite dlo antre (sof si ou vle itilize foto pou estoke enfòmasyon yo)

□ Kle pou fèmen sal depo a

□ Twal pwoteksyon oswa kouvèti pou pwoteje kont pousyè

Materyèl pou Antretyen

□ Twal pou netwaye

□ Ti flach

□ Lis verifikasyon pou antretyen, si sa nesesè

Si ou vle

□ Rejis pou envite/oswa vizitè (pita nan lavni)

□ Bwat pou sijesyon

□ Tablo afichaj kominotè

Lis verifikasyon sa a ede sit rap la fonksyone tankou yon ti koperativ pwosesis manje, pandan li ranfòse bon abitid nan sekirite alimantè, swen ekipman, sèvis kliyan, kenbe dosye, ak responsablite finansye.

Li montre tou bay potansyèl patnè ak moun k ap finanse pwojè a ke pwojè a ap jere avèk pwofesyonalis epi nan yon fason ki ka dire lontan.



MODÈL BIDJÈ

Salè Responsab yo (40%)

Peye responsab yo pou travay yo fè pou opere rap la, kenbe dosye, netwaye ekipman an, epi ede itilizatè yo.

Antretyen ak Reparasyon (20%)

Achte lam ranplasman, lubrifyan, materyèl netwayaj, epi mete lajan sou kote pou reparasyon nan lavni.

Ekonomi / Nouvo Ekipman (15%)

Kreye yon rezèv lajan pou ranplase rap la alavni oswa achte lòt ekipman.

Depans Fonksyònman (10%)

Achte sak, bokit, liv dosye, gaz oswa elektrisite, ak lòt materyèl ki nesesè.

Devlopman Pwojè a (10%)

Sipòte fòmasyon, lòt aktivite ki gen rapò ak lam veritab, oswa amelyorasyon kominote a apwouve, tankou bati yon ti abri senp, fè yon planche an beton, ajoute yon tab travay, achte bokit oswa bòl, bati yon kabinè depo ki an sekirite, enstale limyè, kòmanse yon ti pepinyè pye bwa, achte lòt rap, oswa achte etajè pou seche oswa twal pou seche fwi.

Rezèv pou Ijans (5%)

Kouvri depans ki pa t prevwa, bezwen ijans, reparasyon, oswa peryòd kote revni an pi ba pase sa yo te espere.



Pwosesis Pou Kenbe Dosye

Anrejistre Chak Fanmi

(kòmanse yon paj dosye fanmi - mete l nan klasè kominote a)

Ekri Enfòmasyon sou Itilizasyon Rap la

(ekri enfòmasyon yo sou dosye fanmi an **ak** sou rejis resi lajan chak jou)

Konte epi Verifye Lajan

(verifye lajan an nan fen jounen an - fè de moun kontwole epi konfime chif yo)

Voye Rezime Chak Semèn bay Kowòdonatè a

(responsab rap ki sou plas la rasanble enfòmasyon chak semèn epi bay rezime a ansanm ak lajan an bay kowòdonatè kominote a)

Nan fen chak mwa

Kowòdonatè kominote a rasanble enfòmasyon ki soti nan rezime chak semèn yo epi voye rapò a sou entènèt.



RESPONSABLITE
RESPONSAB RAP LA

Chak fwa ou sèvi ak rap la

- □ Netwaye rap la apre chak itilizasyon
- □ Seche tout pati yo anvan ou mete pou yo ale
- □ Ekri non chak fanmi ki sèvi ak rap la
- □ Ekri tout pèman yo resevwa

Nan fen chak jounen

- □ Konte lajan an epi verifye li ak rejis la
- □ Mete lajan an nan yon kote ki an sekirite ki ka fèmen ak kle, oswa remèt li bay Kowòdonatè Kominote a
- □ Mete rap la andedan yon kote ki pwòp, sèk, epi ki an sekirite

Nan fen chak semèn

- □ Tcheke rap la pou wè si gen siy ize oswa domaj
- □ Sere nenpòt pati ki lach
- □ Netwaye rap la byen fon ansanm ak tout akseswa li yo
- □ Ranplase materyèl netwayaj ak materyèl pou kenbe dosye ki fini
- □ Pale ak Kowòdonatè Kominote a sou nenpòt pwoblèm oswa reparasyon ki nesesè

AKÒ POU PRAN SWEN EKIPMAN AN

Mwen dakò pou:

- □ Mete rap la andedan yon kote ki pwòp, sèk, epi an sekirite
- □ Netwaye epi seche rap la apre chak itilizasyon
- □ Kenbe tout pati yo ansanm epi asire yo rete an bon eta pou fonksyone
- □ Ekri non chak itilizatè ak chak pèman yo resevwa
- □ Remèt tout frè yo ranmase daprè règleman kominote a
- □ Rapòte nenpòt pwoblèm ak ekipman an imedyatman
- □ Jere operasyon an avèk onètete epi kenbe dosye ki egzak

Règ pou Itilizasyon

1. Pa kite timoun pwoche bò rap la
2. Fòme tout itilizatè yo pou yo sèvi ak rap la san danje
3. Sèvi ak rap la sèlman pou lam veritab yo kale
4. Pa janm fè machin nan fonksyone san pwoteksyon an ak plak kouvèti a
5. Pa janm fòse moso lam veritab yo antre nan lam yo
6. Kanpe rap la imedyatman si li domaje

Siyati: _____ Dat: _____





KLASÈ 1 - FÒM VID

Klasè sa a gen tout fòm vid kominote a itilize yo. Fè kopi lè sa nesesè. Toujou asire gen ase fòm vid ki disponib.

Dosye Fanmi (devan ak dèyè)

Paj sa yo anrejistre kiyès ki sèvi ak rap la, konbyen fwa yo sèvi avè l, ak kantite lam veritab yo prepare.

Rezime Chak Semèn

Rezime sa a bay detay sou aktivite semèn nan, tankou kantite fanmi yo sèvi, kantite kilogram lam veritab yo prepare, lajan yo ranmase, antretyen yo fè, ak nenpòt nòt oswa pwoblèm enpòtan.

Rapò Chak Mwa

Rapò sa a rasanble dosye chak semèn ak dosye chak mwa yo pou montre enpak jeneral rap la nan kominote w la. Li fè yon rezime sou itilizasyon, pwodiksyon, finans, antretyen, ak kantite fanmi ki te benefisye.

Lòt Fòm Vid

Kenbe kopi vid lòt fòm yo nan seksyon sa a, tankou Dosye Antretyen, Rapò Ensidan, ak nenpòt lòt fòm kominote w la bezwen.

KLASÈ 2 - DOSYE KOMINOTE A

Klasè sa a gen dosye aktif kominote a. Kenbe dosye sa yo byen òganize, konplè, epi ajou.

Enfòmasyon Enpòtan (devan ak dèyè)

Mete paj sa a toutan nan premye paj klasè a. Li idantifye rap la, kominote a, ak moun ki responsab pou jere li.

Dosye Fanmi (devan ak dèyè)

Kenbe paj sa yo nan lòd alfabetik pou yo fasil pou jwenn epi mete yo ajou. Ekri chak fwa fanmi an sèvi ak rap la sou paj pa yo. Lè yon paj fin ranpli, kòmanse yon nouvo paj pou fanmi sa a.

Dosye Antretyen

Ekri tout enspeksyon, antretyen, reparasyon, ak pyès yo ranplase. Yon rap yo byen pran swen ap sèvi kominote a pandan anpil ane.

Dosye Ensidan

Ekri nenpòt aksidan, domaj nan ekipman an, blesi, evènman ki pa nòmal, oswa lòt ensidan enpòtan. Mete dat la, yon deskripsyon sou sa ki te pase, ak aksyon yo te pran.

KLASÈ 3 - DOSYE FINANSYE

Klasè sa a se pou tout dosye finansye yo. Jodi a, n ap itilize li pou anrejistre lajan yo resevwa lè moun sèvi ak rap la. Nan lavni, ou kapab mete ladan l tou depans sou dosye, reparasyon, materyèl, ak lòt aktivite finansye. Lè nou kenbe tout dosye finansye yo ansanm, sa ede kominote a rete byen òganize epi jere lajan yo avèk sajès.

Rejis Resi Lajan Chak Jou (devan ak dèyè)



Anrejistre chak pèman yo resevwa pou itilizasyon rap la. **Nan fen chak jounen, de moun dwe konte lajan an, revize rejis la, epi mete inisyal yo sou fòm nan pou konfime kantite lajan yo ranmase a koresponn ak kantite lajan ki anrejistre a.**

Nan fen chak jounen, mete rejis k ap itilize a ansanm ak tout lajan yo ranmase nan bwat lajan an oswa nan yon lòt kote ki an sekirite, jiskaske yo remèt yo bay Kowòdonatè Kominote a.

Kenbe rejis k ap itilize a anlè pou li fasil pou jwenn epi itilize chak jou.

YON LIDE: Ou ka vle ofri yon sistèm mezi lokal, tankou panyen oswa sak, pou ede detèmine pwa lam veritab yo anvan yo trete yo.

Konvèsyon:

- **2.2 liv = 1 kg**
- **220 liv = 100 kg**
- **2,204 liv = 1,000 kg oswa 1 tòn metrik**

ENFÒMASYON ENPÒTAN

Enfòmasyon sou Kominote a

Non Kominote a: _____

Depatman: _____

Awondisman: _____

Komin: _____

Seksyon Kominal: _____

Enfòmasyon sou Rap la

Kote Rap la ye: _____

Dat yo Enstale l: _____

Non Ekipman an: **NEMCO Easy Slicer & Base Adj 1/16"-1/2" blade**

Nimewo Modèl Ekipman an: **#55200ANB**

Nimewo Idantifikasyon Ekipman an: _____

Lidèchip Kominote a

Kowòdonatè Kominotè: _____ Telefòn: _____

Responsab Rap ki sou plas la: _____ Telefòn: _____

Asistan Responsab Rap la: _____ Telefòn: _____

_____

_____

_____

_____

Frè pou Itilizatè yo

□ Pa kilogram: _____ (HTG)

□ Pa vizit: _____ (HTG)

□ Lòt: _____ (HTG)

Lè Sit la Ouvè

Dimanch: fèmen pou onore Jou Saba a

Lendi: _____

Madi: _____

Mèkredi: _____

Jedi: _____

Vandredi: _____

Samdi _____

Kontak pou Ijans

Non: _____ Telefòn: _____

Lòt Kontak: _____ Telefòn: _____

To Build A Village Inc (EIN 92-1478873)

Kontak: Beverly Beach, Ko-Fondatè

WhatsApp: 208-339-3605

Imèl: partnering@tobuildavillage.com

Sit Entènèt: www.tobuildavillage.org

Medya Sosyal: @tobuildavillage

To Build A Village

MENTORING HAITIAN-LED LAND RESTORATION EFFORTS IN HAITI

Dosye Fanmi

Kominote: _____ Kote Rap la ye: _____

Enfòmasyon sou Fanmi ki Anrejistre

Non Konplè: _____

_____

Vilaj/Seksyon: _____

Telefòn (si ou vle): _____

Prensipal Mwayen pou Viv:

- □ Kiltivatè
- □ Komèsan
- □ Travayè
- □ Lòt: _____

Kantite moun nan fanmi an: _____

- Granmoun (18 an oswa plis): _____
- Jèn (12–17 an): _____
- Timoun (0–11 an): _____

Èske ou posede pye bwa lam veritab?

□ Wi □ Non

Kantite pye bwa lam veritab: ____

_____

Mwa	Dat Itilizasyon	Kilogram Lam Veritab	Pwodwi Prepare	Kantite Peye (HTG)	Inisyal Itilizatè a

Mwa	Dat Itilizasyon	Kilogram Lam Veritab	Pwodwi Prepare	Kantite Peye (HTG)	Inisyal Itilizatè a

Rejis Resi Lajan Kach Chak Jou

Dat: _____

Kominote: _____

Ekri ak plim sèlman. Pa sèvi ak kreyon.

	non ak siyati	**kantite total nan fanmi an**			pwa lam veritab	lajan kach peye (HTG)	**itilizatè inisyal**	**responsab inisyal**
		18+	12-17	0-11				
1								
2								
3								
4								
5								
6								
7								
8								
9								
10								
11								
12								
13								
14								
15								
16								
17								
18								

	non ak siyati	kantite total nan fanmi an			pwa lam veritab	lajan kach peye (HTG)	itilizatè inisyal	responsab inisyal
		18+	12-17	0-11				
19								
20								
21								
22								
23								
24								
25								
26								
27								
28								
29								
30								
31								
32								
33								
34								
35								
	TOTAL CHAK JOU				KG	HTG		

Responsab rap ki sou plas la: _____

Total lajan resevwa jodi a (HTG): _____ **Inisyal:** _____ **Inisyal:** _____

Lajan yo remèt bay kowòdonatè kominote a: wi non **Dat yo transfere lajan an:** _____

Siyati kowòdonatè a: _____

Rezime Chak Semèn

(responsab rap ki sou plas la ranpli)

Soti nan: _____ Pou: _____ Ane: _____

ID Rap la: _____

Itilizasyon

Kantite vizit total: _____

Kantite fanmi ki benefisye: ____

Kantite moun yo estime ki benefisye:

Granmoun (age 18+) _____

Jèn (age 12-17) _____

Timoun (age 0-11) _____

Total moun ki benefisye: _____

Antretyen yo fè semèn sa a:

_____

_____

Pwoblèm oswa reparasyon ki nesesè:

_____

_____

Konbyen fwa yo netwaye li:

_____

Pwodiksyon

Kantite total kilogram lam veritab yo trete:

_____ kg

Kantite jou yo te trete lam veritab: _____

Aktivite enpòtan, siksè, oswa defi semèn sa a: (itilize do paj la si sa nesesè)

_____

_____

_____

_____

Enpak Ekonomik

Mwayèn frè yo peye pou chak vizit (HTG): _____

Lajan yo ranmase (anvan salè ak depans) (HTG): _____

Moun ki ranpli li: _____ Dat: _____



Rapò Chak Mwa

(kowòdonatè kominote a ranpli li - voye rapò a sou entènèt)

Mwa: _____ **Ane:** _____

Kominote: _____ **ID Rap la:** _____

Itilizasyon

Kantite vizit total: _____

Kantite fanmi ki benefisye: ____

Kantite moun yo estime ki benefisye:

Granmoun (age 18+) _____

Jèn (age 12-17) _____

Timoun (age 0-11) _____

Total moun ki benefisye: _____

Pwodiksyon

Kantite total kilogram lam veritab yo trete:

_____ kg

Kantite jou yo te trete lam veritab: _____

Antretyen yo fè semèn sa a:

_____

Pwoblèm oswa reparasyon ki nesesè:

_____

Konbyen fwa yo netwaye li:

_____

Kijan rap la chanje kominote w la mwa sa a?

Ki nouvo opòtinite rap la kreye mwa sa a?

Pataje istwa yon fanmi ki te benefisye mwa sa a.

Enpak Ekonomik

Mwayèn frè yo peye pou chak vizit (HTG): _____

Lajan yo ranmase (anvan salè ak depans) (HTG): _____

Dosye Antretyen

Kominote: _____ ID Rap la: _____

Dat	Lè	Aksyon	Inisyal Responsab la

DOSYE ENSIDAN

Kominote: _____ ID Rap la: _____

Dat	Lè	Kisa ki te pase? Ki moun ki te enplike? Ki aksyon yo te pran?	Inisyal Responsab la



PWOMÈS KOMINOTE NOU AN

Nou pwomèt pou:

- ✓ Pran swen rap sa a
- ✓ Sèvi avè l san danje
- ✓ Kenbe bon dosye
- ✓ Travay ansanm
- ✓ Ede plis fanmi benefisye

KIJAN POU SÈVI AK RAP OU A

Etap 1: Prepare Rap la

Lè ou retire rap la nan bwat li pou premye fwa, lave li ak dlo tyèd ak yon savon ki pa twò fò, epi seche li nèt anvan ou sèvi avè l. Mete rap la sou yon tab oswa yon kontwa ki pwòp, ki solid, epi ki plat. Asire w li pa ka deplase pandan w ap sèvi avè l.

Etap 2: Peze ak Prepare Lam Veritab la

Peze lam veritab la antye epi ekri pwa li. Apre sa, lave l, kale l, epi koupe l an moso ki antre fasil nan kanal kote yo mete fwi a.

Etap 3: Mete Ladan l

Vire manch lan dousman epi regilyèman. Pa fòse manch lan. Si li vin difisil pou vire, kanpe epi verifye si gen yon bagay ki bloke li.

Etap 4: Dechikte

Vire manch lan dousman epi regilyèman. Pa fòse manch lan. Si li vin difisil pou vire, kanpe epi verifye si gen yon bagay ki bloke li.

Etap 5: Ranmase

Ranmase lam veritab ki rape a nan yon bòl oswa yon resipyan ki pwòp. Lè ou fini, netwaye epi seche rap la anvan ou mete li nan depo.


How to Use a Nemco Easy Slicer
Parts Town
NEMCO
USA
Watch on YouTube


Nemco Easy Slicer Disassembly & Reassembly Instructions
Parts Town
NEMCO
USA
Watch on YouTube

NETWAYE APRE CHAK ITILIZASYON

Netwaye rap la imedyatman apre ou fin sèvi avè l ap ede pwolonje lavi li epi kenbe manje yo an sekirite.

Sonje, ekipman sa a fèt pou fasil pou itilize epi pou fasil pou fè antretyen. Ou ka lave li pandan li toujou monte ansanm lè ou lage vis ki kenbe li a epi deplase ekipman an nan yon basen pou lave li.

Lave

Lave tout pati yo byen avèk dlo tyèd ak savon.

PA FÈ SA

✗ Pa sèvi ak pwodui chimik ki fò oswa pwodwi netwayaj ki twò fò

✗ Pa sèvi ak klowòks

Seche

Kite tout pati yo seche nèt anvan ou mete yo tounen nan depo. Pa janm mete rap la nan depo pandan li mouye.



NEMCO
FOOD EQUIPMENT

Operating and Maintenance Instructions

Important

- *To get the best operation and life from your machine, please read and comply with these instructions.*
- *Clean machine thoroughly before and after each use using cleaning instructions below.*
- *Minimize the use of alkaline cleaners as they may cause pitting and dulling of the finish.*

Safety Instructions

- *Remember the blades are VERY SHARP; be careful when handling and operating the machine to keep hands away from the blades.*
- *Never operate the machine without the GUARD and COVER PLATE in proper position.* ***Always push produce to the BLADES with the PUSHER PLATE. Never push produce with the hand.***

Preparation

- *Loosen screw in PUSH PLATE about 8 turns (or remove it completely)*
- *Install PUSH PLATE in the grooves in the TROUGH AND LEG ASSEMBLY.*
- *Place GUIDE under the head of the screw and tighten the screw.*
- *If unit fails to operate properly when first used call NEMCO customer service at 1-800-782-6761*

To Operate

- *Slide the EASY SLICER™ into the MOUNTING BASE, with the extension containing the LOCKING SCREW going in last. Tighten the LOCKING SCREW to secure the machine.*
- *If using the ADJUSTABLE SLICING UNIT, check slice thickness setting and adjust if necessary (see TO ADJUST).*
- *Pull PUSHER HANDLE and raise COVER PLATE and place produce into the TROUGH.*
- *Close COVER PLATE and gently push on PUSHER HANDLE KNOB while turning the HANDLE on the ROTARY CUTTING UNIT in a clockwise direction. Maintain uniform pressure on the PUSHER HANDLE.*

To Adjust

- *The ADJUSTABLE SLICING UNIT is easily adjusted by holding the HANDLE stationary and by turning the ADJUSTING SCREW at the end of the ADJUSTING SHAFT ASSEMBLY.*
- *The thickness of the slice is indicated by the alignment of the pin in the slot and the lines on the recessed portion of the MAIN SHAFT. These lines are 1/16" apart; so 2 lines = 2/16" or 1/8", 3 lines = 3/16", etc., up to ½".*

Operating Tips

- *For slice uniformity, turn the ROTARY SLICING UNITS slower as the slice width increases. This will help assure that the produce is fully advanced to the ADJUSTING PLATE before the next BLADE begins to cut.*
- *After placing produce in the TROUGH, turn the HANDLE about ¼ turn counter-clockwise before turning in the cutting direction. This will permit a "running start" as the blade makes its first cut. It will be easier and will provide more uniform slices.*
- *Do not apply heavy pressure on the PUSHER HANDLE. It is unnecessary and will not improve the slicing or shredding action.*
- *Do not force produce that is too large into the TROUGH. It will be difficult to push into the CUTTING BLADE and will result in poor uniformity of the cut.*
- *Keep the BLADES sharp.*

41

To Clean

Minimize the use of alkaline cleansers to clean the machine. Such cleansers may cause pitting which could eventually impair cleaning and necessitate replacement of the machine. ***The EASY SLICER™ can be washed as an assembled unit by loosening the LOCKING SCREW and removing the UNIT to a sink or dishwasher.*** *The EASY SLICER™ was designed for easy disassembly for cleaning as follows:*

- *Turn SHAFT LOCK ASSEMBLY counter-clockwise to the stop and pull the ROTARY SLICING UNIT away from the TROUGH & LEG ASSEMBLY (this will slip out easily). BE CAREFUL OF THE SHARP BLADES!*
- *Lift the GUARD off the TROUGH AND LEG ASSEMBLY.*
- *Remove HINGE PIN and the COVER comes off.*
- *Turn the PUSH ROD counter-clockwise to unthread it from the PUSH PLATE. This permits removal of the PUSH ROD and the PUSH PLATE.*
- *Remove the LOCK PIN by pulling it to the left, and pull the SHAFT LOCK ASSEMBLY to remove it from the TROUGH & LEG ASSEMBLY.*
- *NOTE: Periodically clean the shaft lock bore with (47945) BRASS BRUSH provided with the EASY SLICER to prevent the lock from becoming difficult to turn.*

When desired, the unit can be further disassembled as follows:

- *Loosen the thumbscrew to remove the ADJUSTING PLATE ASSEMBLY.*
- *Remove the nut by turning it counter-clockwise, to remove the CARRIER AND BLADE ASSEMBLY.*
- *Remove the screws to remove BLADES. NOTE: Mark the SCREWS so they can be put back in the same position to maintain a smooth surface on the other side of the BLADE CARRIER.*
- *Remove the corresponding screw by turning counter-clockwise to remove the GUIDE, the LEG or the HANDLE.*

Wash with soap and water or mild detergent. Immediately after cleaning, reassemble by reversing the disassembly process described above. This will protect the blade and avoid the risk of losing any of the parts.

To Clean Shredder

Follow instructions TO CLEAN (above) except remove the SHAFT by turning counter-clockwise and remove the screws to remove the BLADE.

To Clean Fixed Cut Assembly

Follow instructions TO CLEAN (above) except remove the SHAFT by turning counter-clockwise and remove screws to remove BLADES. NOTE: *Mark the screws so they can be put back in the same position to maintain a smooth surface on the other side of the blade carrier.*

To Sharpen Slicer Blades

To prolong the sharpness of your BLADES, they can be honed as follows:

- *If the unit is adjustable, adjust to the maximum slice width (1/2").*
- *Remove the ROTARY SLICING UNIT from the TROUGH AND LEG ASSEMBLY.*
- *Use a fine honing stone (do not file) on the flat side of BLADE and, if needed, on the beveled side (be sure to maintain the original sharpening angles).*

Send your BLADES to NEMCO for sharpening when BLADES are too dull to restore by honing, or when the honing has altered original bevels.

To Remove Blades

SLICER BLADES: Remove the ROTARY SLICING UNIT from the machine as for cleaning and remove flat head screws to release BLADES. SHREDDER BLADES: Remove SHAFT and screws by turning counter-clockwise.

To Change Accessories

- *Turn SHAFT LOCK ASSEMBLY counter-clockwise to the stop and pull the ACCESSORIES from the TROUGH AND LEG ASSEMBLY. Install the alternate ACCESSORY and turn the SHAFT LOCK clockwise to the stop.*


To Lubricate

Lubricate the following places with mineral oil or equivalent (do not use cooking oil – it becomes sticky):


- *Arms on PUSH PLATE (Top & Bottom)*
- *Grooves in the TROUGH*
- *Plastic Bearings in the TROUGH*
- *Slots in the ADJUSTABLE SLICER SHAFT*

Frequency of lubrication will vary with the amount of use and cleaning methods. Lubricate when needed.


55200AN - [ ] EASY SLICER




55263-* SHREDDER PLATE ASSEMBLY
(DASH NUMBER DETERMINED BY BLADE BELOW)



55261-*N ROTARY SLICING UNIT (FIXED CUT) MODELS
(DASH NUMBER DETERMINED BY FIXED PLATE BELOW)




NEMCO
NEMCO
USA

PRAN SWEN RAP LA

Lubrifye lè sa Nesèsè

Pou kenbe manch lan vire fasil:

- Mete yon ti kantite lwil mineral ki fèt pou itilize ak manje sou pati k ap bouje yo lè sa nesesè. Pa sèvi ak lwil pou kwit manje. Lwil pou kwit manje vin kole epi li ka domaje machin nan.
- Lubrifye rap la apre yon netwayaj an pwofondè oswa lè manch lan vin difisil pou vire.

Bon Fason pou Estoke ak Pran Swen Ekipman an

Toujou estoke rap lam veritab la andedan yon kote ki pwòp, sèk, epi an sekirite, kote lapli ak imidite pa ka antre.

Yon rap yo byen pran swen se yon resous enpòtan pou kominote a ki ka sèvi fanmi yo pandan anpil ane. Bon swen pou pwoteje kado nou resevwa a.

Lis Verifikasyon pou Ouvèti Chak Jou

- Machin an enspekte
- Machin an pwòp epi sèk
- Balans lan ap fonksyone, si sa aplikab
- Bwat lajan an balanse
- Fòm yo disponib
- Dlo disponib pou netwayaj
- Materyèl yo disponib

Lis Verifikasyon pou Fèmen Chak Jou

- Machin an netwaye
- Machin an seche
- Lajan an konte
- Rejis la ranpli
- Lajan an mete an sekirite oswa transfere
- Bilding nan fèmen ak kle
- Ekipman an kouvri



Pou Kisa Kominote Kap Refèt Yo Enpòtan

Kominote kap refèt yo sanble ak yon rezo solid, ki fèt ak anpil pati ki konekte ansanm pou soutni epi ranfòse yonn lòt.

Menm jan ak fil ki fè yon twal, yo fèb poukont yo men yo vin fò lè yo tise ansanm. Yon kominote kap refèt fè pwogrè lè moun, anviwònman an, ak resous yo travay nan tèt ansanm.

Chak fil - dlo pwòp, tè an sante, divèsite biyoloji a, djòb vèt, konesans lokal, ak relasyon solid - ede kreye yon avni rezistan ak dirab pou Ayiti.



1. Yo ede mache lokal la reponn ak bezwen pèp la.
2. Yo konstwi epi sipòte youn rejyon ki ap grandi, epi ki ap kenbe tèt li.
3. Yo enkouraje nouvo ide ak solisyon ki intèlijan.
4. Yo ouvri opòtinite ekonomik pou tout moun.
5. Yo kreye estabilite politik ak konfyans nan kominote a.
6. Yo rasanble tout moun ansanm epi bati bon jan relasyon.
7. Yo rete fò epi yo refèt apre pi vit.

kominote

REFÈT YO

8 Yo montre mond lan kijan pou reyisi epi vin tounen modèl pou lòt moun.

9 Yo bay moun plis vwa nan desizyon ki ap afekte yo.

10 Yo ede lajan rete nan kominote a epi ede moun grandi ak pwospere.


11 Yo ede fanmiy yo kòmanse biznis pa yo epi kreye travay.

12 Yo ede moun yo rete fèm epi pran desizyon pou tèt yo.



VIZYON DIRAB

Yon tè solid ki nouri timoun yo,
voye yo lekòl, epi kenbe
kominote a ap
fè pwogrè.








To Build A Village
MENTORING HAITIAN-LED LAND RESTORATION EFFORTS IN HAITI